

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa wadah pikeun ngébréhkeun pikiran, gagasan, cipta, rasa, jeung pangaweruh manusa. Karya sastra gumelar pikeun nyumponan kabutuhan batin, sangkan dipikaharti, jeung dimangpaatkeun ku manusa. Karya sastra nyaéta karya seni anu ngagunakeun basa salaku médiumna. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku lantaran alatna basa, nya anu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis anu kapimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa (Iskandarwassid, 2003: 138).

Karya sastra ogé mangrupa struktur anu kompléks. Ku kituna, sangkan bisa maham kana eusina karya sastra téh kudu dianalisis (Hill dina Pradopo, 2012:108). Dina prosés nganalisis tangtuna kudu maké salah sahiji pamarekan sastra. Anapon pamarekan anu digunakeun pikeun nganalisis karya sastra nyaéta ngagunakeun pamarekan struktural.

Strukturalisme nganggap yén ma'na hiji karya téh ngan bisa disungsi tina unsur-unsur intrinsikna wungkul. Nurutkeun Isnendes (2010: 67) konsep dasar nu jadi ciri has tiori struktural nyaéta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur anu otonom nu ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gembungan nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna. Ku lantaran kitu, karya sastra bisa dipaham; dicangkem téh dumasar struktur pangwangunna baé, leupas tina kasang tukang kasajarahana, leupas tina niat jeung kamampuh pangarangna, leupas tina pangaruh nu dihontal ku pamacana.

Salian ti éta, karya sastra mangrupa budaya titinggal karuhun anu kudu dipaliré tur dimumulé. Hasil cipta karsa jeung karya titinggal karuhun téh loba rupana, sarta bisa dimangpaatkeun jeung dimumulé. Saperti salah sahiji budaya titinggal karuhun nyaéta kaparigelan nulis dina wangun naskah kuno.

Salah sahiji tarékah ngamumulé budaya titinggal karuhun nyaéta ku cara ngadokuméntasikeun karya sastra buhun anu sipatna lisan atawa tinulis. Wangun karya sastra buhun anu sipatna tinulis nyaéta naskah.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 90) naskah nyaéta wacana (téks) hasil tulisan leungeun, biasana dibeundeul atawa dibukukeun (lain hasil citak); atawa, buku anu eusina wacana dina tulisan leungeun. Lian ti mangrupa buku, tulisan dina daun lontar ogé disebut naskah.

Baried, dkk. (1985: 54) nétélakeun yén anu disebut naskah nyaéta:

“Objek penelitian filologi adalah tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan sebagai hasil budaya bangsa masa lampau”.

Dumasar wangenan di luhur, naskah mangrupa obyék kajian filologi anu sipatna kongkrét, eusina mangrupa ungkaban pikiran jeung cipta rasa hasil budaya masarakat dina mangsa nu geus kaliwat.

Nurutkeun Ekadjati dina Ruhaliah (2013: 72) ditilik tina eusina, naskah-naskah Sunda ngaguar ngeunaan agama, basa, hukum (adat), kamasarakatan, mitologi, atikan, élmu pangaweruh, mantra, paririmbun, ubaran, satra babad atawa sastra sajarah, sajarah, jeung kasenian. Salah sahiji warna naskah Sunda anu loba dihasilkeun nyaéta wawacan.

Wawacan nyaéta carita panjang anu dianggit maké patokan pupuh. Jalan caritana loba bagian-bagianana. Kitu deui palaku jeung tempat ngalalakon loba pisan. Mangsa anu kacaturna ogé lila. Dina wawacan umumna sok aya hal-hal anu pamohalan ceuk akal. Upamana palakuna sarakti, lain baé jelema, tapi jin, siluman, buta, déwa, jeung sajabana. Aya ogé wawacan anu teu ngandung pamohalan (Rusyana, 1992: 111).

Nurutkeun Rosidi (2009: 91) kabéh ogé wawacan-wawacan téh dianggit diapik-apik, unggal pangarangna ngémbohan mamanis basa jeung purwakanti pabisa-bisa, ngagambarkeun lalakonna pasiga-siga, méh kabéhanana mangrupa bacaan panglipur pikaresepeun.

Anu dijadikeun obyék panalungtikan téh nyaéta *Wawacan Siti Khadijah Dagang*. Ieu wawacan sumberna ti Apih Usin, pernahna di Kampung Tugu, Desa

Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹
(transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cipeundeuy, Kecamatan Surade, Kabupaten Sukabumi. Aksara anu digunakeunana nyaéta Arab Pégon jeung ngagunakeun Basa Sunda. Kandel naskahna 180 kaca, unggal kaca 13 jajar, sarta pupuh nu digunakeunana aya 11.

Ieu wawacan eusina ngeunaan Siti Khadijah salaku sodagar anu beunghar tur kasohor nu aya di nagara Mekah, sarta Kangjeng Nabi Muhammad SAW anu diajar dagang ka Siti Khadijah. Lalampahan Kangjeng Nabi Muhammad sarta sodagar-sodagar séjén anu indit ka Nagara Syam pikeun nyiar kipayah. Nyebarkeun ajaran agama Islam sarta kahirupan Kangjeng Nabi Muhammad katut kulawargana.

Anu jadi dadasar pangna *Wawacan Siti Khadijah Dagang* dijadikeun obyék panalungtikan lantaran ieu wawacan mangrupa karya sastra anu leubeut ku ajén-inajén kahirupan. Ditilik tina jihat kabasaan, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nalungtik basa tulis anu dipaké dina éta wawacan. Tina jihat sastra, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngamekarkeun élmu sastra. Sedengkeun tina jihat budaya, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngungkab ajén-inajén budaya heubeul nu aya dina ieu wawacan.

Panalungtikan séjén ngeunaan wawacan nya éta ku Khairillah, M.R. (2012). *Wawacan Budiman: Analisis Struktur-Sémiotik pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA*. Darmilah, Y. (2013). *Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka*. Tapi, tacan aya panalungtikan séjén anu medar ngeunaan ieu wawacan.

Cindekna, ieu naskah kudu dianalisis sangkan bisa kanyahoan eusi jeung tujuanna kalayan écés tur bisa dijadikeun bahan ajar maca carita buhun pikeun SMA. Ku kituna, dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan téh dibéré judul *Wawacan Siti Khadijah Dagang pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA (Transliterasi jeung Ulikan Struktural)*.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹ (transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana kasang tukang, masalah anu ditalungtik diwatesanan sangkan jéntré tur puguh guluyuranana. Watesan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) idéntifikasi *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 2) transliterasi *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 3) nyieun ringkesan carita *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 4) struktur carita *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, anu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar);
- 5) nyusun bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan diwincik di handap:

- 1) kumaha kaayaan *Wawacan Siti Khadijah Dagang*?
- 2) kumaha transliterasi *Wawacan Siti Khadijah Dagang*?
- 3) kumaha ringkesan carita *Wawacan Siti Khadijah Dagang*?
- 4) kumaha struktur carita *Wawacan Siti Khadijah Dagang*?
- 5) naha *Wawacan Siti Khadijah Dagang* cocog pikeun dijadikeun bahan ajar maca carita buhun di kelas XII SMA atawa henteu?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sakumaha anu ditepikeun dina idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu hayang dihontal, di antarana pikeun ngaraksa, ngariksa jeung ngamumulé budaya daérah anu nyampak dina naskah-naskah buhun hususna wawacan sangkan dipikawanoh ku balaréa.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- 1) maluruh kaayaan naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;

Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹ (transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) transliterasi *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 3) nyieun ringkesan carita *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 4) ngadéskripsikeun struktur carita nu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar) dina naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*;
- 5) nyusun bahan ajar maca carita buhun di kelas XII SMA.

1.4 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif analisis. Méthode déskriptif analisis nyaéta métode anu ngagambarkeun atawa ngadéskripsikeun ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina obyék panalungtikan (Ratna, 2013: 53).

Dina ieu panalungtikan, éta métode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang* sangkan kapaluruh kaayaan naskahna, struktur carita anu ngawangun caritana, anu saterusna dijadikeun bahan pangajaran maca carita buhun di kelas XII SMA.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mudah-mudahan ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan tiori kasusastraan Sunda. Utamana ngeunaan *Wawacan*.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, hususna pikeun nu nulis, masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu miboga kapentingan kana ieu panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep, nyaéta:

- 1) pikeun ngaraksa jeung ngariksa karya sastra buhun dina kamusnahan;
- 2) pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan ulikan Filologi;
- 3) pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda, hususna ngeunaan *Wawacan*;
- 4) pikeun jadi bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII.

Yayang Setia Asih, 2014

Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹ (transliterasi jeung ulikan struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.6 Sistematika Panulisan

Bab I

Bab I mangrupa bab anu munggaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, métode anu digunakeun dina panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.

Bab II

Bab II mangrupa bab ngeunaan ulikan tiori. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan wawacan, ulikan sastra (struktural) jeung bahan ajar.

Bab III

Bab III mangrupa bab ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jembar ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan katut désain panalungtikanna, sarta kumaha cara ngolah data hasil panalungtikan.

Bab IV

Bab IV mangrupa bab ngeunaan hasil panalungtikan. Dina ieu bab didéskripsikeun sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun.

Bab V

Bab V mangrupa bab anu pamungkas dina ieu panalugtikan. Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta aya rékomendasi anu ditepikeun pikeun nu maca. Éta rékomendasi téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.

Yayang Setia Asih, 2014

*Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹
(transliterasi jeung ulikan struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu